*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЪУДУЛЛЪИ

№-57
(9604)

2014 соналъул
*8 АВГУСТ*

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

## ПРОДУКЦИЯ БИЧУЛЕЛГИ БОСУЛЕЛГИ РАЗИЯБ ХIАЛАЛДА



26 июлалъ районалда тIобитIана росдал магIишаталъул продукция бичулеб кIудияб ярмарка.

КIал биччаялъул байрамалда хурхинабун тIобитIараб гьеб ярмаркаялда гIахьаллъи гьабуна районалъул анцIила щуябго СПКаялъ ва гьединго КФХабаз. Росдал магIишаталъул управлениялдаса щварал баяназда рекъон, гьеб ярмаркаялда гьан бичун буго бищун дагьабниги 10 тоннагIанасеб. Аслияб къагIидаялда гьеб буго «Алак», «1 Май», «Искра», «Ашалинский» СПКабаз ва Гьагьалъ росулъа Юсупов СагIидил «Хашхар» КФХялъ бачIараб гьан. Гьайирбегов Расулил «Заман» КФХялъ ва НасухIов ХIажимурадил «Хъараб» СПКаялъ бичана ярмаркаялда гIанкIабазул гьанги. Гьединго учузаб багьаялда ярмаркаялда бичана пихъ ва овощал.

Р а й а д м и н и с т р а ц и я л ъ у л бетIерасул заместитель, росдал магIишаталъул куратор ЖабрагIил Завурбеговас абуна исанасеб ярмарка лъикIаб гIадлу-низамалда ва гIуцIалилаб къагIидаялда анилан абун. Цере-цересел ярмаркаязда дандеккун исана гIадамазе бокьараб жо тIаса бищизе гIатIидал ресал ругеб ярмарка букIаниланги абуна гьес. ХIакъикъаталдаги, продукция бичулелги гьеб босулелги разияб къагIидаялда ана гьеб ярмарка.

Ярмаркаялъул гIуцIарухъабаз кIудияб баркала кьолеб буго гьенир гIахьаллъарал киналго ричарухъабазе, хасго, КIалбиччанкъоялъул хIурматалда жидерго продукция бугеб багьаялдаса учузго бичаразе. Аллагь разияб садакъалъунги батаги гьезул гьеб,-ян абун гьарулеб буго гьез.







## КIВАР БУГЕЛ СУАЛАЛ РОРХАНА

Гьаб соналъул 4 августалда райадминистрациялъул данделъабазул залалда районалъул росабазул администрациязул бутIрулги ва цо-цо учреждениязулгун организациязул нухмалъулелги гIахьал гьарун тIобитIана иргадулаб данделъи.

Данделъи рагьана райадминистрациялъул бетIер Л-ХI. Балдугъовас.

-Гьаб данделъи рагьиялъе аслияб гIиллалъун ккола росабалъ гIумру гьабун ругел гIадамазухъа бакIалъулал налогал ракIариялъул рахъалъа нилъер район бищун ахирисеб бакIалда ккун букIин. Къокъаб заманалда гьеб иш тIаде кколез роцIинаби ккола жакъа нилъер аслияб мурадлъун,-ян абуна гьес.

Данделъиялда гьоркьоб лъуна:

-БакIалъулал налогал ракIариялъул план тIубаялъул хIакъалъулъ;

-Ракьул бетIергьанлъи чIезаби.

БакIалъулал налогал ракIариялъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ бищун кIалъазе вахъана налогазулаб инспекциялъул начальникасул заместитель С. ГIарашев.

Районалда бакIалъулал налогал ракIариялъул рахъ лъикI гьечIин ва гьезул план 36,3 процենталъ гурони тIубан гьечIилан бицана гьес.

«Бюджет гIуцIиялда ва къабул гьабиялда хадуб хал кквеялъул хIакъалъулъ» 131 законалда рекъон росабазул администрациязул бутIруз гьаб бащадаб лъагIалида жаниб бакIалъулаб налог бакIариялъул рахъалъ гьабураб ва гьабизе ккезе бугеб хIалтIиялъул бищун гIатIидаб пайдаяб кIалъай гьабуна жиндирго докладалда финансазулаб управлениялъул начальник Заур Муслимовас.

Жиндирго докладалда гьес тIадчIей гьабуна тIокIаб нахъ бахъичIого бакIалъулал налогал ракIариялъул суал къокъаб заманалда тIубазабизе ккезе букIиналда.

-Щивас жиде-жидеда тIадаб хIалтIи ракIбацIцIадго тIубазабуни, жакъа гьаб данделъиялда гIахьаллъи гьабизе гьанире рачIинего ккезе рукIинчIо нилъ.

Росабазул администрациязул бутIрузул кинаб бербалагьи бугеб жидерго хIалтIудехун, гьединаб букIине буго нужедехун райадминистрациялъул бербалагьиги,-ян абуна гьес.

Ракьул бетIергьанлъи чIезабиялъул суалалда хурхун докладгун кIалъазе вахъарав райадминистрациялъул бугогьиялъул отделалъул начальник ХI. ХIайбулаевас бицана районалъул росабалъ ракьул бетIергьанлъи чIезабиялъе гьабулеб хIалтIи 26 проценталъ гурони тIубан гьечIилан.

Гьоркьор лъурал суалазда хурхун дандчIвалел захIмалъабазул бищун кIалъазе рахъана цо-цо росабазул администрациязул бутIрулги.

Данделъиялъул ахиралда райадминистрациялъул бетIер Л-ХI. Балдугъовас 1 октябралде щвезегIан болжал цIана росабазул администрациязул бутIрузе бакIалъулал налогал ракIариялъул ва ракьул бетIергьанлъи чIезабиялъул суалал тIуразаризе.

***З. ГIУМАРОВА.***

# ЗАХIМАТАЛЪУЛАБ ТАРБИЯЛЪЕ-ЧIАГОЛЪИ ВА ЖАВАБЧИЛЪИ

ГIун рачIунел гIелазе патриотикиябгун нравственнияб тарбия кьеялъул кIвар букIана кидаго. ХIатта, абизе бегьула, гьеб байбихьанин первобитнияб заманалдаго. Щибаб община цIуниялъе къваригIунел рукIана гьелдеги гьелъул интересаздеги рокьиги бугел ва гьезие гIоло рухIалда барахщунгутIиги бугел гIадамал.

Заман анагIан цIикIкIунеб буго гьеб суалалъул кIвар. БатIаго гьеб кIвар буголъи бищунго борхатаб гIорхъоде бахун буго ахираб заманалда. Гьеб нилъеда гвангъун бихьулебги буго, бетIералда США гун Западалъ, демократия абураб лозунгалда нахъаги рахчун, билълъанхъизабулеб бугеб политикаялдасан ва гьезул хIакъикъиял мурадал загьирлъараб гьаб заманалда. Дунялалъул батIи-батIиял пачалихъазда, хасал мурадазе гIоло, гьезул битIахъегояб гIахьаллъигун рагъаризарулел руго рагъулал хIалуцинал. Гьез долларазухъ ричун росарал халкъазда гьоркьосел хъачагъаз халкъал рахъинарулел руго жиде-жидер пачалихъазул законнияб нухмалъиялде. Гьанже гьезул ирга щун буго нилъер гIорхъоде. Гьеб бихьуларев гьелъул мурад лъаларев чи къанагIат ватизе бегьула нилъеда гьоркьов. Нагагь ватани, гьесдаги лъазе бицина. Гьебги, гьезул халкъазда гьоркьосеб гьересидемократияб политикаги, нилъер Дагъистаналдегицин щун террористал хIадур гьариги-кинабго балагьараб буго Россиялъул тIабигIиял бечелъабазде ругел жидерго хъамалчагIазулал къасдал, мурадал тIуразариялде…

Гьеле, гьелъ буго Россиялъул Президент, ВатIаналъул унго-унгояв патриот, гьелъулги гьелъул букIинеселъулги къеркьохъан, гьереси-демократ Б. Ельциницаги, Советхалкъалъул божилъиялъе хилиплъарав М. Горбачевасги СССР биххизабун хадуб, Россия бокьуларез гьелъул Президентлъун ккезавун вукIарав Б. Ельциница ва гьесул чукъбуз накабазде ккезабун букIараб Россия бахъинабурав ва цIи гьабурав, В. Путиница хасаб кIвар кьолеб бугеб гIун рачIунел гIелазе патриотикиябгун рухIияб тарбия кьеялдеги ва улкаялъул жибго цIуниялъулаб рагъулаб гуч щула гьабиялдеги…

ГIун рачIунел гIелазе патриотикияб тарбия кьеялъул суалалде цIикIкIараб кIвар кьолеб буго нилъер районалдаги. Гьеб рахъалъ батIаго, жавабчилъиги хIаракатчилъиги бихьизабулеб буго нилъер росабазул школаз ва гьеб иш тIаде кколел цогидалги гIуцIалабаз. Гьелъие кидагосеб нугIлъун ккола 1999 соналъул августалъулаб рагъулаб лъугьа-бахъиналъулъ районалъул гIолохъанлъиялъ бихьизабураб тIадегIанаб патриотизмги рухIияб бечелъиги ва хIаракатчилъиги…

Амма хIисаб гьабураб заманалда, кигIанго бокьичIониги, бихьулеб буго патриотикияб тарбия кьеялъул аслиял бутIабазул цояблъун кколеб захIматалъулаб тарбия кьей цIакъго чучлъун букIин. Гьеб чучлъун буго гIемерисел эбел-инсудасан байбихьун. ГIун бачIунеб гIелалъе захIматалъулаб тарбия кьеялъул къебелъилъун ккола хъизан. Гьеле, гьенисан байбихьизе ккола, лъимал гIисинго рукIадго, захIматалъулаб тарбия кьеялъулаб ишалде. Гьеле, гьеб заманалда школалъе бигьаяб букIуна цIалдохъабазулъ захIматалде бугеб рокьи щула гьабизе…

Гьеб суалалъул пикрабазда вукIарав дида цебе бачIана дунго школалда цIалулев вукIараб заман ва араб гIасруялъул кIикъоялда анцIабилел соназдаса нахъего СССР биххизабураб ункъоялда анцIабилел соназде щвезегIан школаз ва пачалихъиял учреждениязгун организациябаз, узухъда, эбел-инсуцаги гIун рачIунел гIелазе захIматалъулаб тарбия кьеялъулал къагIидаби. Масала, школазда патриотикияб тарбия кьолеб букIана комплекснияб къагIидаялда. Гьелъул батIа гьабизе бегьулареб бутIалъун лъугьун букIана жидее тарбия кьолезулъ захIматалде рокьи бижинаби гуребги гьелде ругьун гьариги…

Гьеб битIараб букIараблъи гвангъун бихьулебги буго жакъа гьеб рахъалъ районалда лъугьунеб бугеб хIалалдасан. Бихьулеб буго ВатIаналде рокьи бугесулъ захIматалдеги рокьи букIине кколебльи. Щай гурого, улкаялъул щивав гражданинасул ракIбацIцIадаб ва хIаракатаб захIматалдалъун гIуцIулелъул ВатIаналъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъулаб къуват. Гьединлъидал патриотизмги захIматалде рокьиги ккола цогояб ва цоцаца камил гьарулел инсанасул тIадегIанал качестваби…

Дица тIадехун хъван ругел «… рахъалъа районалда лъугьун бугеб ахIвал-хIалалдасан» абурал рагIабазул магIна рагьизин. Цо нухалда дун щун вукIана Болъихъ росдал кIудиял чагIазул цояв, росдал жамгIиябгун захIматалъулаб гIумруялъул унго-унгояв хIаракатчилъун вукIарав ГIусманил Лабазанихъе вакка-вагIизе.-Лъаларо ШагIбан,-ян абуна гьес кIудияб рахIат хвейгун,-нилъ кире унел ругел ва гьедин унел ругони кире щвезе ругел. Берда цебе чIунтизе толел руго гIемерисез бухIараб гIетIги тIун эбел-инсуца лъурал ва гIезарурал ахал. Цебе гIака гьечIеб хъизамалъе нич букIунаан. Гьанже росулъ байбихьун буго гIачи ругеб хъизамалъул васасе яс кьолареб, гIолохъанал ясал, «ракул махI бахулин» абун гIачи речIчIизе лъугьунареб, цо-цо гIолохъанал россабаз жидерго лъуди гьебго гIиллаялъ бокьоре гIака бечIчIизе ине гьукъи гIадал гIамалги ургьелги гьечIолъиялъулал хьвадачIвадиял. Дида рагIана цогидал росабалъги баккун бугин гьеб хъубаб чIухIиян.

-Гьелде тIадеги, абила,-ян тIаде жубана гьес,-эбел-инсуца, хасго улбуз ах-хуралда ва цогидалъурги хIалтIизе ричалел гьечIо жидерго лъимал, хасго ясал. Гьез гьел ругьун гьарулел руго чияр гьин кваназеги херлъун хадурги эбел-инсул горбода рукIинеги,-ян хIухьел биччана Лабазаница….

Гьединаб хIал гIицIго Болъихъ гуро бугеб. Цересел гIелазул (бищун цIикIкIун 30-40 соналъ цебе) руччабаз боцIи-панз хьихьулаан 6-7 километралъ лъелго магIардеги хьвадун мугъалда яги хIамузда херги баччун, гьедин хер хIадурулаан жидерго присадебниял хурзабахьги. Гьениб гьезие хIаракатаб кумек бихьиназги гьабулаан. Доб заманалда руччабаздаги, россабаздаги гьоркьоб рокьи-хинлъиги гьанжеялдаса гIемерго цIикIкIарабги ва бацIцIадабги букIана, лъималги рукIунаан сахал ва захIмат бокьулел… Амма жакъа кинаб хIал бугеб? Гьелъул хIакъалъулъ бицинаро. Гьеб киназего баянаб бугелъул.

Цебе, ай СССР биххизегIан колхозаз школазухъе кьун рукIана цIалдохъабазул захIматалъулал бригадабазе хур-ахалъулаб хIалтIуде ругьун гьаризе гIанасел ракьул участкаби. Гьанжейин абуни гьединаб производствалъулаб ругьун гьари сверун буго хьухьариялде. Щай бегьулареб гьанжеги школазул рукIине цIалдохъабазул производственниял бригадабазе хIалтIизе ракьал. Щибаб школалъе 10-20 сотых ракьул босизе гIунги тIокIал ресал руго районалъул бюджеталъул.

Гьединго советияб заманалда хIалтIухьаби-гIолилазе захIматалъулаб тарбия кьеялда хIалтIулел рукIана профсоюзалъул, партиялъул ва комсомолазулал гIуцIалаби ва гьеб ролалда цеве вахъунаан учреждениязул организациязул щивав нухмалъулев.

Руководителазин абуни. гьеб кIвар цIикIкIараб ишалдаса жидецаго жалго эркен гьарун руго жакъа.

Жакъа, гьел киналго шартIалги тIагIараб, рукъоб эбел-инсуцаги школалда учительзабазги гIун бачIунеб гIелалъе захIматалъулаб тарбия кьеялъул кIвар гIодобе ккезабураб, заманалда чара гьечIого хIажатаблъун ккола гьеб кIвар бугеб иш кьучIдасанго чIаго гьабиялъеги, гьелъул жавабчилъи борхизабиялъеги ва гIун бачIунеб гIелалъе хIаракатаб ва бацIцIадаб захIматалъе чIахIияб гIелалъул мисал букIинабиялъеги, районалъулго даражаялда тадбирал гьари.

Дир пикруялда школазда захIматалъулаб тарбиялъул къагIидаги, гьелдехун бугеб балагьиги бичIчIиги кьучIдасанго хисизабизе лъикI буго. Гьениб приоритетниялъун букIине ккола тарбиячагIаздаги жидее гьеб кьолездаги захIмат кинабгоялъул бетIер букIин ва росабалъ гьелъулги бетIер ракьалда хIалтIи букIин бичIчIинаби.

ЦIалдохъабазе тарбия кьеялъул рахъалъ жакъасеб масъалалъун ккола гьезулъ захIматалдехун психологическияб хIадурлъи бижинаби ва гьеб щула гьаби. Гьеб тIаде ккола школазул учитель-психологазде. Амма гьезде тIаде рехун течIого, гьеб кIвар бугеб иш тIубазаби налъилъун ккола щивав учителасулги.

Жалго цIалдохъабазе гурелги гьез гьеб рахъалъ малъа-хъвагьаризе ккола цIалдохъабазул эбел-инсуеги.

Учителас ратизе ккола цIалдохъанасулъ захIматалдехун рухIияб хIажалъи бижинабиялъе нухал.

***Ш. ЛАБАЗАНОВ.***

# САХЛЪИ-НИЛЪЕР БЕЧЕЛЪИ

## ТОХТУРАСУЛ МАЛЪА-ХЪВАЯЛ

## ЦIУНЕ ЦАБИ-ГIУСАЛ!

Лъиего бальголъилъун батиларо цаби-гIусал цIунун хутIиялъе гьел рацIцIад чIезариялъул кIудияб кIвар букIин. ТIадчIараб ва гьоркьоса кьотIи гьечIеб хъулухъ хIажалъула, хасго лъурал цаби-гIусазе (протезазе). Мисалалъе бачани, гьел тIабигIиязде дандеккун цIикIкIун чороклъула ва протезаздасан пайда босулел гIадамазда гIемер дандчIвала дабазул, стоматитал (кIалмацIалъул) унтаби. Протезал ругел гIадамаз щибаб кванда хадуб лъикIаб хIалалда кIал ххулизе ккола. Рахъун лъолел протезал абуни чвахулеб лъеца чуризе ккола.

Гьебги хIисабалде босун гьабизе ккола цаби-гIусазе хъулухъги. Хасго тIадчIун кванил хутIелаздаса бацIцIад гьабизе ккола лъурал цабзазда ва дабазда гьоркьоб бакI, гьединго пайда босизе бегьула хасал цаби рикIулел гIучIаздасан. Узухъда, кванда хадуб кIал ххулизе лъикIаб буго лъурал цаби-гIусал гьечIезеги.

Лъурал ва тIабигIиял цаби-гIусал кидаго рацIцIад чIезаризе ккола щивас. Гьебго малъизе ккола лъималаздаги. Гьанибго бицен гьабизе бокьун буго лъурал рукIа, тIабигIиял рукIа цаби-гIусал чурулеб къагIидаялъул хIакъалъулъ. Киназдаго гуро гьел чуризе лъалел. Цаби чурулаго щетка хьвадизе гьабула тIадегьоркье цабзазда щвезе гьабун. Байбихьизе лъикIаб буго цо рахъалдасан дагь-дагькккун цересел цабзазде рачIунаго ва цогидаб рахъалда гIусазде щвезабун. Гьединаб куцалда кIи-кIи, лъаб-лъаб ккун чурула. Цаби-гIусал рацIцIад гьарула гIицIго къватIисан гурелги жанисанги. Цаби-гIусал чури халат бахъула 2-5 минуталъ. Чурун хадуб гьел цIамул лъеца хулизеги лъикIаб букIуна. Гьелъ лъикIаб асар гьабула дабазеги.

***Х. РАМАЗАНОВ,***
***цаби-гIусазул тохтур.***

## РУГЪУН САХ ГЬАБИЗЕ ККАНИ ЩИБ ГЬАБИЗЕ ККОЛЕБ?

КигIан гьитIинабги ругъун сах гьабизе ккола. Нагагьлъун гьелде кIвар кьечIого танани чорхолъе лъугьине бегьула инсанасул гIумруялъе хIинкъи бугел заралиял микробал.

Хьарсарал бакIал яги ругъун йодги бахун бацIцIадаб бинталъ бухьине ккола. Ругънаде тIаде хIарщ, ракь, хIур гIадаб яги цогидаб чороклъи ккун бугони, цин гьеб чуризе ккола 3 проценталъулаб водородалъул перекисалъ, хадуб йодги бахун бинталъ бухьине ккола. Гьедин гьабизе бегьуларо жанисан би бачIунеб кIудияб ругъун бугони, гьеб мехалъ унтарав бацIцIадаб марлялъ ругъунги бухьун хехаб къагIидаялда тохтурасухъе вачине ккола. Ругънада тIад пампа лъезе бегьуларо. Ругънада бухьулеб бацIцIадаб марля батичIони гьелъул бакIалда бухIараб итуги бахъун чурараб ххамил кесек хIалтIизабизе бегьула. ГьитIинаб ругъуналда тIаде хъахIаб стрептоцидалъул порошок базе лъикIаб буго. Хадуб ругъун бухьине ккола.

ЦIакъго гьитIинаб ругъун бугони , чанцIулго данде чIвараб катаналъул кесек лейкопластыралъ щула гьабизе бегьула. Ругънадаса бухьун хадубги би бачIунеб бугони, дагьаб заманаялъ гьеб ругънадехун бугеб бидурихь жгуталъ бухьула.

## БАКЪУЛ КЬАБИ (СОЛНЕЧНЫЙ УДАР) ККАРАСЕ ТIОЦЕБЕСЕБ КУМЕК

ГIемераб заманалъ бакъудаги рукIун, бакъул кьаби ккани бетIер унтула, гIундузда жаниб хъуй баккула, беразда цере горал лъугьула. ЦIакъго захIматаб хIал бугони, лъавудасаги уна. Гьеб мехалъ чи хвезеги бегьула. Унтарав аслияб къагIидаялъ рагIдукье вачине ккола ва чучлъизабизе ккола тIад бугеб ретIел. ЦIорораб лъеца биччизабураб полотенце лъезе ккола гьесул бетIералда. ЛъикIаб буго тIолабго черх биччараб полотенцаялъ лъулъазеги, бегьула гIаракъи бахинеги. Гьелда хадуб бакъул кьаби ккарав чиясе дагь-дагь ккун кьулчIизе кьезе ккола цIорораб лъим. Унтарав лъавудаса ун вугони, ахIизе ккола хасаб медицинаялъулаб кумек.

***Х. ГIАБДУЛХIАМИДОВА,***
***тохтур-терапевт.***

## УЛБУЗДА ЛЪАЗЕ ККОЛА

Ахираб заманалда гIемерлъун руго лъималазул нерваби унтиялъул хIужаби. Щай гурелъул, гьезул гIадал нах жеги щулалъун букIунарелъул. ЧIахIиязул хъачIлъиялъ, ццидалаб бербалагьиялъ лъималазул нерваби унтизаризе, хIатта мацI бицунареллъун лъугьинаризе бегьула.

ГIемерисел улбузда ракIалда кколеб буго лъимералъ кIиго сон бараб мехалда, гьезул чурулеб парталги дагьлъанин, бицунеб рагIиги бичIчIунеб бугин ва вилълъанхъулевги вугин, ай гьанже лъимер алъул тIалаб гьабизе бигьалъилин абун. Гьелъул гIаксалда, гьеб мехалда цIикIкIинабизе ккола лъималдехун кьолеб кIвар. Гьеб заманалда бицараб бичIчIаниги, лъимералда гьабизе бегьулебги бегьуларебги батIа бахъизе жеги лъаларо. ЦохIо нухалъ бегьуларилан абураб жо ракIалда чIезабизе лъимералъул гIакълу жеги цIубараб букIунаро. КъватIиб букIа, хIалтIуда букIа сунда букIаниги щцим бахъун рокъоре рачIарал эбел-инсуца лъимералдаса босулеб буго рецIел. ГIадада гуро тохтурзабаз абулеб, кIиго сон бараб лъимерги нервабазул унтуца унтизе бегьулилан. ГIумруялъго сахлъизаризе захIмалъулеб, мацI баялъулаб (бабадулеб) унтиялъ лъимер унтулеб буго кIиго-лъабго соналъул гIумруялъулъги цин. Гьеб унти ккола хIинкъиялъул хIасилалда кколеб. Нагагьлъун лъимер мацI бабадулеб лъугьани, телевидениялдаса кьолел ва цогидал бакIаздасан рагIарал рекламабазухъги гIенеккун, гьелъие батIи-батIиял дараби гьаризе лъугьине бегьуларо. Тохтурасул ва эбел-инсул сабураб ва тIадчIараб балагьиялдалъун сах гьабизе ккола лъимер. ТIоцебесеб иргаялда, лъазабизе ккола мацI бабадулеблъун лъимер лъугьиналъе бугеб гIилла.

Тохтурасул малъа-хъваял тIуразариялда цадахъго, хIаракат бахъизе ккола лъимералъе цого къагIидаялъулаб тарбия кьезе, ай инсуца хъачIго тамихI гьабун, эбелалъ беэдун кьураб тарбиялъул хIасил кьоларо.

Лъимералъ лъагIел бараб мехалъ, гьелда лъазе ккола 10-12 рагIи абизе, кIудияз абураб гьабизе. Цо-цо эбел-инсул кутакалда рахIат хун букIуна лъагIел бараб мехалдаги лъимералда цониги рагIи абизе лъангутIиялъ. Лъимералда кIудияз абураб гьабизе лъалеб бугониги, ай бицараб бичIчIунеб бугони рахIат хвезе кколаро. МацI дагь-дагькккун бачIуна. Гьединго бегьуларо, мацI лъазабизелъун лъимералъе чIалгIинегIан чанго нухалъ цIиял рагIаби такрар гьаризе тIамизе. Гьелъги лъималазул нервабазе квешаб асар гьабула. Эбел-инсуца хIеренго битIизабизе ккола лъимералъ мекъи абулеб рагIи. Гьеб такрар гьабизе ккола гIодоре риччан, сабруги гьабун. Щай гурелъул, школалде инегIан лъимер мацI бабадулеблъун хутIани, гьелъги цIализе квал-квал гуребги, нервабазеги квешаб асар гьабизе бегьулелъул. Жиндир кIалъаялда тIад лъимал релъулел рукIин бихьараб мехалда, лъараб жо бицинецин доскаялда цеве вахъине лъимералъул таваккал гIечIого букIине бегьула.

Къокъго абуни, щивав эбел-инсуца хIаракат бахъизе ккола лъимералдехун хIеренаб бербалагьи букIинабизе. Лъимералъул кIиго сон тIубарабго гьелъул кIудияв гIакълучи вахъинавизе лъугьунге, лъимералъул нерваби щулалъизегIан, гьеб хъачIлъиялдаса цIуне.. Нагагь лъимералъул 2-3 сон тIубараб мехалдаги мацI бабадулеб бугони, гьеб бачине ккола логопедасухъ яги неврологасухъе.

***Муъминат ПАТАХIОВА,***
***тохтур-педиатр.***

# ЦIАЛКIУН ЦЕБЕХУН ГУРО, ГЬАНКIУН НАХЪЕХУН ГУРО

АнцIила щуабилеб сон сверулеб буго «азбаралъуб бугеб мина жаниб гIумру гьабизе ярагьунеб хIалалдаги гьечIин, гьеб кьучIдасанго биххизабизе ккезе бугин абун пачалихъалъул вакилзабаз лъазабуралдасан нахъе. Чанго нухалда, гьеб хIакъикъаталдаги гIумру жаниб гьабизе бегьулареб хIалалде ккун бугодаян хал гьабизе бачIун букIана гьеб иш тIаде кколеб идараялъул хасаб комиссия, хIатта Астраханалдасагицин.

Риидал хасалойилан, хасало ихдалилан, къватIире рахъизе ккезе ругин балеб ахIиги букIана. Жакъа метер къватIире рахъине хIадурун гьеб минаялда гIумру гьабулелги рукIана. Жакъаги руго ва рукIинеги ругин ракIалдеги кколебги буго.

Хасго кIудияб революция бахъана районалъул 70 сон тIубаялъул байрам кIодо гьабиялда цебе. Сносалде кьун букIараб кIитIалаяб басрияб минаялда тIад кутакаб ремонт гьабуна. Хисана цо гьалмагъасе рукъалъул лъабго горду. Амма гьеб лъабго пластикаялъул гордуялъги 2000 соналъул 8 сентябралъ районалъул 70 сон тIубаялъул тадбиралде хIадурулелъул минаялъул гьумералда гьабураб кирпичалъул облицовкаялъги кинабгIаги кумек гьабулеб гьечIо къойил риххулел къадазеги гIеккулеб тIохалъеги. Щиб лъалеб, цоги горду хисизе батила районалъ 90 сон тIубаялъул байрамалда хурхун тIобитIулеб тадбир гIагарлъидал. Амма суал буго бахъун чIеладай жибго мина ян абураб.



Араб соналъул август моцIалъ рарал цIадазул хIасилалдалъун биххана тIоцебесеб тIалаялда бугеб Алибеков Арсенил рукъалъул къед.Алибековасул буго кIудияб хъизан-щуго лъимер. Рачун щуго лъималгун гочине ккана живго хIалтIулеб бакIалде, рагъулаб городокалде квартира кквезе. Арсеница абулеб буго:

«Жакъа дун гочине ккана городокалде мухь кьун рукъ кквезе. Рагъухъанасул гIумру бокьарав чиясда лъала рахIат гьечIеб, хIалхьи гьечIеб бугеблъи. Рагъ ккараб бакIалда бокьараб заманаялъ ритIула ниж. Гьединан витIунги вукIана дун кIигониги нухалъ. Дун ккола Абхазиялда ва Чачаналъ рукIарал рагъазул гIахьалчиги. Гьенисан сах-саламат тIад вуссана.Амма метерисеб къо цо Аллагьасда гурони лъаларелъул дие цо жо ккканани дир хъизан къартIа хутIизехъин буго.Дир минаялъул къадалги рихxун ругин, жанив вукIине бакIги гьечIин абун гIарзалъ индал, Болъихъ росдал советалъул бетIерасухъан «букIине буго, тезе буго,»-ян абураб рагIи гурони батIияб хIасил ккечIо. ТIасутIа росдалги Болъихъ росдалги совет цо буго. Пачалихъалъ лъимал гIемеразе бихьизабун буго ракь. Гьебги гьечIин абулеб буго. Бичизе батула, кьезе батуларо. Советалдасан щвараб жо буго жаниб гIумру гьабизе хIинкъи бугилан абураб уведомление. ХIакимзабаца пулеб гьуриги бихьун гьеб гьорол гьогьенги щечIого ана МахIачхъалаялде, цIияв тарав ритIухъав президентасухъе гIарз гьабизе. Аслияб майданалда рахьун чIун рукIадго ниж къабул гьаруна, «Я помощник президента» абураб гIолилазул гIуцIиялъ. Цадахъ Болъихъе рачIана, хал-шал гьабуна, кумек гьабилин абун кIудияб рагIи кьуна. КIудиял анищазул рагIдукь кIусизе нижги гьарун, рачIараб нухалъго нахъеги ана. Кин бугониги, интернеталда балагьидал бихьана видеоролик. Хал гьабураб мехалъ, кино бахъизе рачун рукIанилан ккараб хIисаб буго. Пал хIасил, «Добго хурив довго Муса».

Алибеков Арсенил рукъалда тIад, кIиабилеб тIалаялда гIумру гьабун буго МухIамадовазул хъизан. Гьебги буго кIудияб, анлъго лъимал ругеб хъизан. Бокьарав чиясда лъалеб жо буго гьоркь бугеб къед биххидал тIад ругезул чIабаралъеги зарал кколеблъи. Цо жоялдасан хIинкъидал аби буго: «БитIахъего хIатIида гьоркьан ракь нахъе араб гIадаб жо лъугьанин»-ян, абун.

«ГIадаб» гуреб, хIакъикъаталдаги гьеб кин унебали лъана МухIамадовасул хъизаналда. Къазе ккана цо рукъги детскийги.КIудияб хъизан хIебтIизе ккана цо рукъоб жаниб. Алибеков Арсенил рукъалъул къедгIаги бай абун цIидасанги ана МухIамадрасулиде аскIоре. Лъидасанго лъикI бичIчIунебги лъалебги бугоан гьесда къварилъиялде ккаразул хIал. БитIахъего харбил гьуинлъиялъ ракIалда ккана рокъое щвелалдего рукъалъул къед бан батилин абун. Гьелдаса нахъеги моцIал сверана. Авал батаниги ахир бихьулареб сапаралъ А.С.Пушкинил «Сказка о золотой рыбке» маргьаялъул героиня гIадин, бихьараб расаялда цере кIусухъего хутIун руго «азбаралъулал». Кире гIарзалъ рахъаниги хъулухъги тIубалареб, тIубазе ине бакIги гьечIеб гьаб заманаялъ годекIаниб бицунеб харбиде сверун руго гIадамазул гIузраби.ЦIалкIун цебехун гуреб, гьанкIун нахъехун гуреб гIунгутIабазул суалал рорхулел гIадатияб халкъги буго. Алибеков Арсеница кIицIул кредитги босун базе ккана мина-каркас. ГьечIо чантиниб шагьи. Пачалихъалъ рихьизарурал ресалги рес бугезул гIагарлъи цIехолеб буго. Бицен букIуна кьарияб. КIудиял хъизаназе риччан ругел ресазул, гьабулеб хIалтIул, амма киб, кин ва кибе гьеб унебали...

Къокъаб хIасил-мохмохалда нах бахунеб буго пачалихъалъ.

***З.МУХIАМАДОВА.***

# Признание ранее возникших прав на недвижимое имущество

Порядок признания ранее возникших прав регламентируется СТ.6 Федерального закона «О государственной регистрации прав на недвижимое имущество и сделок с ним». Этот способ применяется в случае, если у заинтересованных лиц имеются какие либо документы о правах на недвижимое имущество, полученные до 31 января 1998 года. В соответствии с указанной статьей права на недвижимое имущество, полученные до 31 января 1998 года, признаются юридически действительными при отсутствии их государственной регистрации. Государственная регистрация таких прав проводится по желанию их обладателей.

Дело в том, что еще до принятии Федерального закона «О государственной регистрации прав на недвижимое имущество и сделок с ним» в отдельных субъектах Российской Федерации сложилась система органов, осуществляющих регистрацию сделок с недвижимостью и прав на нее (органы БТИ, исполкомы).

Перечень случаев, когда государственная регистрация права, возникшего и (или) зарегистрированного до 31 января 1998 г. после вступления Федерального закона в силу является обязательной, - исчерпывающий и охватывает собой три ситуации:

а) когда обладатель возникшего до 31 января 1998 г. права на недвижимость после вступления Федерального закона в силу желает передать свое право новому лицу;

б) когда обладатель возникшего до 31 января 1998 г. права на недвижимость после вступления Федерального закона в силу обременяет (ограничивает) свое право;

в) когда обладатель права, возникшего до 31 января 1998 г. после этой даты пожелает совершить сделку с недвижимым имуществом.

Непредставление правообладателем в упомянутых трех случаях заявления и иных необходимых документов на государственную регистрацию права, возникшего до 31 января 1998 г. является основанием для отказа в государственной регистрации как самого ранее возникшего права, так и прав, их ограничений (обременений) или сделок. возникающих (совершающихся) после 31 января 1998 г.

Можно прийти к выводу, что законодательство защищает права лиц, которые приобрели недвижимое имущество до 31 января 1998 г. Зачастую описанную норму заинтересованные лица используют для признания права собственности на недвижимость в судебном порядке. Действовавшим законодательством РФ до •31 января 1998 г. не был предусмотрен перечень документов, подтверждающий право собственности лица на имущество. Вследствие этого, заинтересованные лица в судебном порядке обосновывают правомерность возникновения права собственности документами которые прямо или косвенно об этом свидетельствуют. Это могут быть документы о создании недвижимого имущества (договоры подряда, акты ввода в эксплуатацию, договоры о приобретении строительных материалов и т.д.), документы о постановки недвижимого имущества на баланс предприятия, договоры о его приобретении у предыдущих собственников и др.

Таким образом, вышеописанную процедуру можно применять для признания права собственности на недвижимое имущество, приобретённое до 31 января 1998 г. В случае, если иные способы (признание права собственности в силу приобретательской давности на самовольную постройку) по разным причинам не могут быть применены в конкретной ситуации,

**Начальник Ботлихского МРО Управления**
**Росреестра по РД**
**Абусова П.М.**

1998 соналъ Чанхъо СОШалъ Гъайирбегов МухIамад Хамудаевичасул цIаралда къураб гьоркьохъеб лъаялъул аттестат А №263754 билун буго.

Гьеб гьанжеялдаса нахъе ***хIакъикъияб гуреблъун*** рикIкIуна.

2001 соналъ Болъихъ №3 гьоркьохъеб школалъ МухIамадов МухIамад Юсуповичасул цIаралда къураб гьоркьохъеб лъаялъул аттестат А №5477837 билун буго.

Гьеб гьанжеялдаса нахъе ***хIакъикъияб гуреблъун*** рикIкIуна.

Районалъул «Гьудуллъи» газеталъул редакциялъул хIалтIухъабазул коллективалъ гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго шодродисев ШагIбанов Камалудинида ва тIолабго гIагарлъиялда нагагьаб балагьалдалъун гьесул вацасул яс **ЗАЙНАБ** ва гьелъул бетIергьанчи **СУЛТIАН** къадаралде щвеялда бан.

Хадурккун къварилъи-балагьаздасан Аллагьас цIунаралл ъун ратаги!

Гьеб балагьалдалъун хваразул унтизарун нахъе хутIарал васазеги Аллагьас сахлъи кьейги!


***Газета гIуцIарал:***
*Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

***Учредители:***
Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

***БетIерав редактор***
***ГI. ГIумаханов***

***Редакторасул заместитель***
**А. Агъларов**

***Жавабияй секретарь***
**З.ГIумарова**
***Отделалъул редакторал***
**Ш. Лабазанов**
**П. Дибирова**

**ГЬУДУЛЛЪИ**
***Тираж 1000***

**Мухбирзаби**
***З.МухIамадова/М.ГIумаханова***

**Наборщица** П. Эльдарова
**Фотокорр.** *Ш.Муртазалиев*
**Дизайнер** А. Назирбекова
**Программист** А. Ибрагьимова

***Газета бицана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.***
*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

***Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.***
***Регист. ПИ № 10 - 4614***

***Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабаз рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.***

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*